Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС ЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым я оргэнщ

113(2340) | Щэбэт, сентябрым и 30-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

Великэ Октябрьскэ Социалистическэ революциям и 27-рей илъэсым дыпыкъуэкIынщ илъэс лэжьыгъэр къетхьэлIэжауэ, щIымахуэм Iэщхэр фIагъыр хэлъу щIэтшыным дыхуэхьэзыру

АбыкIэрэ дыдэIэпыкъунщ фронтым, къэралым.

Советскэ Союзым, Америкэм и Соединеннэ Штатхэм, Соединеннэ Королевствэм я представительхэм я коммюнике

НэхъапэкIэ хъыбар зэрагъэIуам хуэду, августым и 21-м ...ыщIэдзауэ Думбартон-кс (Вашингтон) щекIуэкIауэ ...тащ нэхъапэ щIыкIэ зэпсэлъэныгъэр мамырыгъэр щы...IэныгъэмкIэ Международнэ Организация къызэгъэпэща ...ным...э.

Зэпсэлъэныгъэм хэтахэщ: Советскэ Союзым и делегация ...А-м лыкIуэу щыIэ А. А. Громыко я щхьэу, Америкэм и ...единеннэ Штатхэм я делегация Государственнэ Секрета...м и Заместитель г. Стеттиниус я щхьэу, Великобрита...м и делегация Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ Министрым и ...еститель г. Кадаган я щхьэу.

Делегацищым я представительхэм мы къэкIуэну коммю...эр къытырадзащ:

„Советскэ Союзым, Соединеннэ Штатхэмрэ Соединеннэ Королевствэмрэ я делегацияхэр Дуней псом и кIуэцIкIэ мамырыгъэ къыщызэгъэпэщыныгъэмкIэ зэпсэлъэныгъэм кIэ игъуэтащ.

Зэпсэлъэныгъэм хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIащ икIи хуишахэщ дуней псом и кIуэцIкIэ мамырыгъэ къызэгъэпэща хъуныгъэмкIэ зэзэгъыныгъэ зэраухылIэныгъэм.

Делегацищым я докладхэр я правительствэхэм хуагъэхьынущ, а докладхэм хэплъэным щхьэкIэ икIи абыкIэ щыхуэфэщэну зэманым деж заявление ящIыну".

Октябрым ипэ ихуэу социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэ

ЕхъулIэныгъэфIхэр къэтлъэщауэ Октябрь махуэшхуэм дыпыкъуэкIынщ

32

Краснэ Армиям и ехъулIэ...ъэшхуэхэм къигъэгушхуа...у, я къару емыблэжхэу мэ...жьэхэр Кош-Хьэблэ къуа...м дэт ШтейнгардткIэ зэ...э колхозым и колхозхэтхэр. Куэд щIакъым колхозхэт...м я зэIущIэ зэрызэхэтхэрэ. ...ущIэр тепсэлъыхьащ Бур...цкэ районым и колхозхэт...м я обращением Октябрь ...хуэшхуэм ипэ ихуэу социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм ...рагъэубгъуныгъэмкIэ. Колхозхэтхэр зэдаразыхэу пэджэ...хэщ Бурлацкэ районым и ...лхозхэтхэм я обращением ...и къызэдащтахэщ Октяб...м ипэ ихуэу социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм хыхьэнхэу.

Мы къэкIуэну обязательствэхэр къащтащ: къэралым гъавэ етыныр пIалъэ кIэщIкIэ ягъэзэщIэну, кIэртIоф щIэхыжыныр, бжьыхьэ вэн-сэныр октябрым и 10-м ирихьэлIу яухыну. ПсынщIагъыр хэлъу ирагъэкIуэкIыну нартыху дэчыжыныр икIи ар яухыну ноябрым и 7-м ирихьэлIу. Iэщхэр зыщIэтыну бэкхъхэр октябрым и 15-м ирихьэлIу псорикI хьэзыр ящIыну.

Колхозым социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэ дищIащ мы къуажэм дэт ВоробьевкIэ зэджэ колхозым.

Ф. Кошбиев.

32

Социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм хыхьэхэщ

Хьэбэз МТС-м и тракторнэ бригадэхэм я бригадирхэм я ...ущIэ зэхэтащ. ЗэIущIэр ...псэлъыхьащ бжьыхьэ вэн...ныр районым и кIуэцIкIэ ...рекIэ кIым.

ЗэIущIэм деж къыщIэгъэща ...уащ бжьыхьэ вэн-сэныр ...ъэкIуэкIыныгъэмкIэ щыщIа...эу щыIэхэр икIи а щыщIа...эр къэкIуэда хъуныгъэмкIэ ...ал зыныIэу щыт Iуэхугъуэ...р къащтащ.

МТС-м тракторнэ бригадэ ...эдхэр иIэхэщ заданиеу ятелъ ...р ехъулIэныгъэ хэлъу ягъэ...щIэхэу, псалъэм щхьэкIэ ...еркес плъыжь" колхозым ...лажьэ т. Балов и трактор...э бригадэм тракторхэм ялэ...ын хуейуэ ятелъ планыр сентябрым и 25-м ирихьэлIу проценти 183 игъэзэщIащ.

Ауэ абхуэду лажьэхэкъым тракторнэ бригадэ псорикI. Хуабжьу къыкIэрохухэр Кучеров, Брыков сымэ я тракторнэ бригадэхэр. Абыхэм МТС-р кIэкIэ ялъэфыр.

ЗэIущIэм къекIуэлIахэр псорикI зым хуэду Октябрым ипэ ихуэу зызыубгъу социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм зэдыхыхьахэщ.

В. Кулов.

МТС-м и парторганизациям и секретарщ.

Европейскэ Консультативнэ Комиссиям и лэжьыгъэм и итогхэр

ЛОНДОН, сентябрым и 26-м. (ТАСС). Мы икIэрей зэманхэм Лондон и политическэ лэжьакIуэхэмрэ, абхуэдэ къабзу хамэ къэрал печатхэм я страницэхэмрэ хуабжьу я ныIэ тырагъэтхэщ. СССР-м, Великобританиям, США-м я представительхэр зыхыхьэ Европейскэ Консультативнэ Комиссиям ищIа унафэхэм. Абыхэм ягъэпэжхэр, псалъэ хэмылъу Iэщэр игъэтIылъыныгъэмкIэ Европейскэ Консультативнэ Комиссиям гъэунэхуа Iуэхугъуэхэр зэрихьауэ. „Сейнди Таймс" газет гуэрым къигъэлъэгъуапу жаIэр, Германиям и кIуэцIкIэ союзнэ представительхэу верховнэ союзническэ контрольнэ органым ищхьэу щытынухэм яцIэхэр.

Ялэжьа Iуэхум сыт къырикIуар?

Нахуэу зэрыщытымкIэ Европейскэ Консультативнэ Комиссиям и къалэным хыхьэу щытщ Европэм и кIуэцIкэ зауэр яуха нэужькIэ Европейскэ вопросхэр яджыныгъэр псом я нэхъапу, псалъэ хэмылъу Германиям Iэщэр игъэтIылъыныгъэ вопросыр. Рядовой журналистым ищIэнкIи хъуну сведениехэр уахэплъэмэ икIи печатым ятхэр зэбгъащIэмэ мыбхуэдэ Iуэхугъуэм укъыхуэкIуэ хъунущ.

Европейскэ Консультативнэ Комиссиям елэжьын иухащ икIэ къищтащ мыхьэнэшхуэ зиIэ документ—псалъэ хэмылъу Германиям Iэщэр игъэтIылъыныгъэр. А документыр теухуащ гитлеровскэ Германиям езэуэныгъэмкIэ зауэм кIэ хуэхъуи хуейуэ псалъэ хэмылъу Германиям Iэщэр игъэтIылъыныгъэмкIэ. А документым къыщыгъэлъэгъуащ, псалъэ хэмылъу Германиям Iэщэр игъэтIылъыныгъэр и средствэу щыту германскэ правительствэмрэ германскэ главнокомандованиемрэ заумысыжыну германскэ вооруженнэ къарухэр щIыгуми, тенджызыми, хьэуэми дежхэм хьэлэч зэрыщыхъуамкIэ, зауэр зэрыфIахьэхуамкIэ. АбыкIэрэ и лъабжьэр щIэуда мэхъур гитлеровцхэмрэ абыхэм я агентурэхэмрэ агитация ирагъэкIуэкIым, абы щIыпIэ зэриIам хуэду, япэрей империалистическэ зауэм пужькIэ, мы иджырей зауэм кIэ игъуэтыныгъэр къызхэкIар Германияр зауэкIэ зэтыраукIэныгъэр амырауэ атIэ политическэ Iуэхурауэ.

Зэсоюзэгъу къэралхэм я представительхэм ящIа унафэхэр зытепсэлъыхьыр техническэ условияхэм, зауэр зэрагъэувыIэжыну порядкэхэм, германскэ вооруженнэ къарухэм, флотым, авиациям Iэщэр къызэрыIэрахыну, абхуэдэ къабзу, мылъкухэр союзникхэм ятыныгъэ къудейр аракъым, атIэ къагъэлъагъуэр мамырыгъэр щыгъыIэныгъэм щхьэкIэ Германиям къанэ щымыIэу Iэщэр къаIихын хуейщ зауэнкIэ къару лъэпкъ имыIэжу. А документым, зэрыжиIэмкIэ, нэхьыщхьэу итхар куэд дыдэ мыхъу военнэ статья мащIэщ, Iэщэр зэрагъэтIылъынумкIэ нэхъ амал зимыIэу щытхэу. А статьяхэм яхохьэр мы документым Iэ тырадза нэужькIэ, союзникхэм хуитыныгъэ яриту сыт хуэдэ нэгъуэщI IуэхугъуэхэмкIи политическэ, военнэ, экономическэ мыхьэнэ яIэхэу Германиям бгъэдыхьэнхэу.

Сведение щыIэщ Европейскэ Консультативнэ Комиссияр абхуэдэ къабзу хэплъауэ икIи къищтауэ етIуанэрейуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ документ псалъэ хэмылъу Германиям Iэщэр игъэтIылъыныгъэмкIэ жытIэпэнщи—Германияр оккупировать зэращIыну порядкэр. Къагъэлъагъуэр Германияр къэралищым— СССР-м, Великобританиям США-м я дзэхэм оккупировать ящIыну, зи правительствэхэм ящтэхэм союзникхэм пщэрылъ ящIыр ягъэзэщIэну Еропейскэ Консультативнэ Комиссиям оккупацыямкIэ игъэува проектымкIэ —Германияр оккупировать ящIыным щхьэкIэ Iыхьищу ягуэшынущ. Германиям и Восточнэ Iыхьэр, Восточнэ Пруссиярикl хыхьэу советскэ вооруженнэ къарухэм оккупировать ящIынущ. Берлин советскэ дзэхэм оккупировать ящIыну Iыхьэм хыхьэу щыт пэтмикI, зэрызэзэгъахэм я пкъ иткIэ, Iыхьищу ягуэшынущ икIи къэралищым я дзэхэм оккупировать ящIынущ. Адрей Германия къэнэжар Iыхьщ тIу ягуэшыр — ищхъэрэ-къухьэпIэкIэ икIи ипщэ къухьэпIэкIэ, абы щыщу зыIыхьэр британскэ дзэхэм оккупировать ящIынущ, адрейр американскэхэм.

ЗэрыжаIэмкIэ, мы сыхьэтым Европейскэ Консультативнэ Комиссияр йолэжьыр союзникхэм Германиям щаIэну контрольнэ механизмэм и документым. Германиям псалъэ хэмылъу Iэщэр щигъэтIылъым деж, Германиям и кIуэцIкIэ верховнэ властыр бгъэдэлъыну ягъэуващ союзнэ главнокомандующищым Союзнэ Контрольнэ СоветкIэ еджу. Контрольнэ Советым иIэнущ зыхуейну аппаратыр Советым ищIа унафэхэр зегъэкIуа хъуным щхьэкIэ. Хуагъэфащэр, оккупировать ящI Iыхьэхэм деж властыр псорикI IэщIэлъыну, а Iыхьэр оккупировать зыщIа дзэхэм я главнокомандующэм. Берлин и Iуэхур щхьэхуэщ. Берлин къэралищым—СССР-м, США-м, Англиям я дзэхэм оккупировать зэдащIыну зэрыщытым щхьэкIэ, хуагъэфащэр Берлин деж щагъэувыну межсоюзнэ комендатурэ, абы и структурэр иджырикI ягъэува щIыкIэкъым.

Английскэ, американскэ печатым куэдрэ вопрос къыщаIэтыр Германияр государствэ щхьэхуэ-щхьэхуэ заулу ягуэшыну. Ауэ щыт пэтмикI Европейскэ Консультативнэ Комиссияр абхуэдэ вопросым тепсэлъыхьакъым икIи тепсэлъыхьакъым. США-м и государственнэ департаментымрэ хамэ къэрал IуэхухэмкIэ английскэ министерствэмрэ я кIуэцIкIэ щыщыIэхэщ къэгъэлъэгъуа проектым хуьбжьу дэзыщтэхэр икIи ар зымыдэхэр.

ЖыпIэ хъунущ Европейскэ Консультативнэ Комиссиям къимыщтауэ Австриям и IуэхукIэ унафэ.

Избэ-читальнэм лэжьыгъэ лъэпIкъ зэрихьэкъым

26

Али - Бердыкъуэ къуажэм дэт изба-читальнэм и заведующу лажьэр хъыбджэбз Кябишева Зеныпщ. Абы и IэмыщIэ илъщ агитатори 9, ауэ абыхэм зы лэжьыгъикI ядыригъэкIуэкIыркъым. Ахэр къызэхуишэсу зэикI беседэхэр иригъэкIуэкIкъым икIи абыхэм руководствэ зэрылэжьэнумкIэ яриткъым. Езы Кябишева колхозым и губгъуэ бригадэхэм зэрыдэкIыр зэзэмызэщ.

Кябишева ипщэ лэжьыгъэшхуэ илъщ къуажэм и кIуэцIкIэ политикэ-массовэ лэжьыгъэр щыригъэкIуэкIынуэ, ауэ абы щхьэкIэ ищIэр мащIэщ.

Абхуэду а Iуэхур зэрыщытыр къуажэ советым ещIэр, ауэ зэикI Кябишева и отчет ягъэуву едэIуахэкъым.

Кябишева ипщэ илъ лэжыгъэшхуэр ди япэкIэ иригъэфIэкIуэн хуейщ икIи къуажэм и кIуэцIкIэ лэжьыгъэфхэр щызэрихьэн хуейщ.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКІЫУ

Сентябрым и 28-м и оперативнэ сводкэ

Сентябрым и 28-р екІуэкІыхункІэ город ПЯРНУ (ПЕРНОВ) и ищхъэрэ-къухьэпІаІуэкІэ икІи и къухьэпІаІуэкІэ ди дзэхэм Эстониям и къухьэпІэ псыІуфэм деж бийм иІыгъауэ щыта щІыр хуит къащІыжахэщ, зауэ здырагъэкІуэ Іахэм деж къуажэ 200-м щІигъу къащтэхэкІэрэ, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ПАГАЗИ, ЛИХУЛА, МАТСКЮЛА, ВИРТСУ, МУРИСТЕ, ХЕЛЬМКЮЛА, КУЛЛИ, ТЫСТСАМЛ, САРВИ, САУЛЕПА, гъущІгъуэгу станцхэу ЛИХУЛА, КАРУЗЕ, ВИРТСУ.

РИГА направлением деж ди дзэхэм, зауэ гуащІэ ирагъэкІуэкІахэм къыхэкІкІэ, къащтахэщ къуажэ 50-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ ГАРШМУИЖА, БИРЗКАЛНС, ЛЕДУРГА, ЛОДЕ, КРАЛЛИК, ИНИИСМЕ, ДХЕС.

Город САНОК и ипщаІуэкІэ икІи и ипщэ къуэкІыпІаІуэкІэ, бгы-мэз щІыпІэ гугъуехьхэм щызауэхэкІэрэ, зауэкІэ къащтахэщ къуажэ 30, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэхэр ЛУМКУВ, ЗУБЕНЬЕКО, СОЛИНКА, БУКОВЕЯ, ТУПЕЧКИ, БОРЫНЯ, ЯБЛОНУВ, ЗАВАДКА, гъущІгъуэгу станцхэу ВОЛЯ, МИХОВО.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр мэплъакІуэхэр икІи щІыпІэ гуэрхэмикІ щІыпІэ мыхьэнэ иІэу зауэ щокІуэкІыр.

Сентябрым и 27-м и кІуэцІкІэ хьэуэм щекІуэкІа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафІэмрэ къыраудыхащ бийм и самолети 9.

Сентябрым и 29-м и оперативнэ сводкэ

Сентябрым и 29-р екІуэкІыхункІэ РИГА-направлением деж ди дзэхэм зауэ ирагъэкІуэкІахэщ я позицияхэр нэхъыфІ ящІыныгъэмкІэ икІи къащтахэщ къуажэ 30-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ ЭЙКАЖИ, СВИТИ, КАРТУЖИ, ПАНТАЕП.

ТУРКА и ипщаІуэкІэ икІи и ипщэ-къуэкІыпІаІуэкІэ (Дрогобычскэ областым и городщ) ди дзэхэр зауэурэ ипэкІэ кІуэтахэщ гугъуехь бгы-мэз щІыпІэхэм, къащтахэщ къуажэ 60-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ВЫСОЦКО, ВЫЖНЕ, КРАСНЕ, МОХНАТЕ, ОРАВА, КОЗЕВА, ГОЛОВЕЦКО, ЛИБОХОРА, СЛАВСКО, ЛЮДВИНУВКА, ВИШКУВ, гъущІгъуэгу станцхэу ГРЕБЕНУВ, ЗЕЛЕМЯНКА, РОЖАНКА.

ДЕЛЯТИН и къухьэпІаІуэкІэ икІи и ипщэ-къухьэпІаІуэкІэ (Станиславскэ областым и городщ) ди дзэхэм, бийм и зигъэнэныгъэхэмрэ бгы-мэз щІыпІэхэм щыІэ инженернэ заграждениехэмрэ щызэпащІхэкІэрэ, зауэкІэ къащтахэщ къуажэ 40-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ ОСМОЛОДА, БУРСУЧНА, ЗЕЛЕНА, ПОЛЯНИЦА, ВОРОХТА, АРДЖЕЛЮЖА, гъущІгъуэгу станцхэу БУРСУЧНА, ЗЕЛЕНА, ВОРОНЕНКА, ВОРОХТА.

Трансильваниям и ищхъэрэм деж ди дзэхэм, бийм и зигъэнэныгъэхэр зэпащІхэкІэрэ, къащтащ город ТЫРГУ-МУРЕШ, абы хуэдэ къабзу зауэкІэ къащтахэщ нэгъуэщІ къуажэ 50-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ЕЬНУТЕНЫ, ПЕТЕЛЕ, ХАБИК, КЭРТВЕФАЯ, ЯРАДЕ МУРЕШ, НАДЬ-ЯРНЬЕ, ТОРФАЛЬВА, гъущІгъуэгу станцхэу КУРТИФАЯ, ГЫРНЕШТИ, ТИНОИЗА, ЭРНСЮМАРЕ, МУРШЕЛ, НЬЯРАДТЕ.

Ди часть наступать зыщІхэр МЕРЕШУЛ псым зэпырыкІахэщ икІи и къухьэпІэ псыІуфэм деж къащтахэщ къуажэхэу АПАЛИНА, ВАЙДА-СЕНТ-ИВАН, КУРСЕНЫ, РЕМЕТЕЩИ.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр мэплъакІуэхэр икІи щІыпІэ гуэрхэмикІ щІыпІэ мыхьэнэ иІэу зауэ щокІуэкІыр.

Сентябрым и 28-м и кІуэцІкІэ ди дзэхэм фронт псом дежи зэхакъутахэщ немецкэ танк 29. Хьэуэм щекІуэкІа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафІэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 21.

Бийм хэкІуэдыкІыныгъэу ирихьэкІамрэ Ленинградскэ фронтым и дзэхэм наступательнэ зауэ мыгъэм сентябрым и 17-м къыщыщІэдзауэ сентябрым и 26-м нэсыхункІэ трофІйуэ къащтахэмрэ

ЛЕНИНГРАДСКЭ фронтым и дзэхэм, Советскэ Союзым и Маршал ГОВОРОВ и командованиекІэ, сентябрым и 17-м къыщыщІэдзауэ сентябрым и 26-м нэсыхункІэ ирагъэкІуэкІа наступлением и кІуэцІкІэ бийм мы къэкІуэну хэкІуэдыкІыныгъэр и цІыху къарумрэ и техникэмрэ ирихащ.

Зэхакъутахэщ: танкхэу икІи езыр-езыру зекІуэ топхэм хуэду—87, калибрэ зэмылІэужьыгъуэ топхэу—230, минометуэ—260, пулеметуэ—680, автомашинэу—550, гъущІгъуэу вагонхэм зауэ хьэпшып хьэлъэхэр ярылъу—1440, боеприпас, горючэ щІэлъхэу склад—86.

Бийм укІыгъэ къуэдейуэ фІэкІуэдащ и солдатми офицерми мин 30-м щІигъу.

А зэманым ЛЕНИНГРАДСКЭ фронтым и дзэхэм мы къэкІуэну трофейхэр **къащтахэщ**: самолету—35, танкхэу—88, калибрэ зэмылІэжьыгъуэ топхэу—363, минометуэ—495, пулеметуэ—938, фочми автоматми 20000-м щІигъу, автомашинэу—981, корабльми катерми 49, кьэлъэ зешэхэу—57, гъущІгъуэгу эшелонхэу зауэ хьэпшыпрэ ирискъырэ ярылъхэу—29, гъущІэгъуэгу вагонхэу—2239, паровозуэ—98, боеприпас, Іэщэ, ирискъы щІэлъу склади—165.

Плен кІащІахэщ немецкэ солдатми офицерми 15745.

Советскэ Эстониям и щІыр псорикІ (Эзель, Даго, островхэм мыхъумэ) хуит къэщІыжыныгъэмкІэ кІэ зыхуэхъуа Ленинградскэ фронтым и дзэхэм наступление зауэ ирагъэкІуэкІахэм я итогыр къапщтэмэ бийм нэхъ техникэ нэхъыщхьэу икІи цІыху къаруу фІэкІуэдар мэхъур: плен къащІами укІыгъэми—45.745, самолетхэу—35, танкхэу, езыр-езыру зекІуэ топхэм хуэду—175, сыт хуэдэ калибрэмикІ топхэу—593, минометхэу—755, пулеметхэу—1618, автомашинэхэу . 1331.

СОВИНФОРМБЮРО.

СЕЛЬХОЗНАЛОГЫР КЪЫХЭДЗЫН ЯУХАЩ

ПІалъэр къэмысу яухащ ПсэукІэ-дахэ къуажэм дэт ВорошиловкІэ зэджэ колхозым и колхозхэтхэм сельхозналогыр къыхэдзыныгъэр.

Сельхозналогыр къыхэдзыныгъэм фІыуэ хэлэжьыхьахэщ къуажэм дэс лІыжьхэмрэ финагент т. Абидоковрэ, абхуэ еэ къабзу щапхъэфІхэр къагъэлъагъуэхэу лэжьахэщ сельхозналогыр къыхэдзыныгъэм кІэ къуажэ советым и активыр.

Кидакоев,
къуажэ Советым и председательщ

Зауэ здекІуэкІ средиземноморск театрым деж щыІэ союзникх я вооруженнэ къарухэм я штаб сообщениер

ЛОНДОН, сентябрым и 28-м. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым нобэ къыдигъэкъа хъыбархэм жаІэр:

Недер Рейн псым и районым и ищхъэраІуэкІэ ди дзэхэр къыІушын яухащ. Дыгъуасэ махуэр екІуэкІыхункІэ Нейсмеген районым и ищхъэраІуэкІэ зауэ ирагъэкІуэкІахэщ, ищхъэрэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ союзникхэм я дзэхэр кІуэтахэщ, бийм и зигъэнэныгъэ хуабжьхэр зэпащІхэкІэрэ. А районым и къухьэпІэ здыдыхьэхэм деж Осс и ипщэмкІэ кІуэтахэщ союзникхэр.

Куэдрэ хьэуэм щырагъэкІуэкІа зауэхэм бийм и самолет 41 къыраудыхащ. Союзнэ авиациям и самолети 10 я тІысыпІэхэм къекІуэлІэжахэкъым.

Аахен и ищхъэрэ лъэныкъунтІымкІэ патрульхэр активнэу мэзауэхэр Люневиль направлением хуэкІуэхэу. Союзникхэм я частхэр немецхэм зигъэнэныгъэ гуащІэ къищІхэм Іуощіэр.

Кале районым деж ди дзэхэр городым щызэхохьэжхэр, щІыпІэ псы къызыутІыпщам къухьэпІэмкІэ кІуэуэ гъуэгу хащІыкІкІэрэ.

ЛОНДОН, сентябрым и 28-м. (ТАСС). Средиземноморской театрым щызауэ союзникхэм я вооруженнэ къарухэм я штабым къыдигъэкІа хъыбархэм жаІэхэр: Италиям и центральнэ фронтым и участкэм деж 5-рей американскэ, английскэ частхэр бий хуабжьу зизыгъанэм зэпымыуэ удынхэр ирахащ. Пункт заулхэм деж мили 2-кІэ епэкІэ кІуэтахэщ икІи мыхьэнэшхуэ зиІэ позицияхэр къащтахэщ. Адриатическэ псыІуфэм деж союзникхэм я дзэхэр Рубикон псым зэпырыкІахэщ фронтым мили 10 и кІыхьэгъыу икІи лъамыжыпэ гъэбыдапІэхэм мили 2 нэхъыбу икум хыхьахэщ. Союзникхэм я дзэхэм къащтащ город Беллариа, 8-рей армиям и нэмыщІ соединениехэм город Савиньяно къыщаухъурейхьа зэманым деж.

Союзникхэм я средиземноморской авиацияр 550 къилъэтыкІхэурэ теуахащ.

ЛОНДОН, сентябрым и 29-м (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и нобэ къыдигъэкІа жаІэр:

Союзникхэм я дз... меген районым и ... флангым деж зы... хэр. Схейнделя и лъ... кІэ бий контратак... хэм зызэпырырагъэ... Хертогенбос деж с... я дзэхэр заулкІэ ... хэщ. Антверпен—Т... лъамыжыпэ гъэбыда... рагъэубгъуащ.

Люксембург и ... кІыпІэ частым деж ... Релих хуит къащ... Абы и ипщэ лъэн... хуит къащІыжащ ... Сель. Нанси и къуэ... бийм и контратак... зызэпырагъэгъэзахэщ...

Эпиналь—Бельфор... кэм деж союзникхэм ... ныгъэшхуэхэр къа... Бий контратакэ гуа... кІуэм зызэпырагъ... икІи хэкІуэдыкІы... икІи абы ирахащ.

Бийло и зигъэнэн... щІэхэр зэпащІкІэрэ, ... хэм я дзэхэм Кале ... реихьыныгъэр ирагъ... хэщ. Дэ тІэщІэлъ ... псорикІ, городым ... щэу иІэхэр икІи ... къащтащ.

Бомбардировщик ... 1000-м щІигъу ... соединенэ ин ядэщІ... зебург и промышле... приятияхэм, синтети... тым и заводым, ... и гъущІгъуэгу ста... хэщ, абы хуэдэ ... сель щыІэ танков...

ЛОНДОН, сентябр... (ТАСС). Средизем... театр зауэ здекІуэк... хэм я вооруженнэ ... я штабым къыдигъ... барым жеІэр,-5-рей ... скэ армиям и дзэх... тащ лъэгэпІищ, Бол... ренция шоссе гуэгу ... хьэхэм и тепщэу ... КъуэкІыпІаІуэкІэ ... кэ дзэхэр абы хуэд... хуабжьу ... Фиренцуэла—Имол... деж. Адриатическэ ... деж 8-рей армиям ... зауэ гуащІэ ирагъэк... Рубикон и ищхъэр... щІыпІэм деж бийр ... кэ къэкІуащ ... щІэту.

Авиациям и ... сентябрым и 28-м ... къым уэлбану ... щхьэкІэ.

Ответ. редактор М. С...

Удэ Іэзэгъуэ къэзыщып колхозхэ, колхо...

Черкесскэ областым и аптекэ псомикІ щІадзащ ... гъуэ къызэхуахьэсыным икІи колхозхэм къыз... удэ Іэзэгъуэхэр къыІэхыныгъэм. Удэ Іэзэгъуэ къ... хэм къыщырахьэлІа сыхьэтым деж и уасэр ... СССР-м и Совнаркомым и постановлениемрэ Нар... товкэм и приказымрэ я пкъ иткІэ колхозхэм, колхо... щхьэзакъуэ унагъуэхэм къат удэ Іэзэгъуэр (хьэ... госпоставкыу ят кІэртІофым е нэгъуэщІ хадэхэ... гъэувыр: хьэцыбанэ гъэгъуауэ зы килограмым ... е нэгъуэщІ хадэхэкІхэу килограмми 8 пагъэу... Хьэцыбанэ зытхэм хуемэ нэгъуэщІ хьэпшыпкІ... иратыр.

Областной ...

ВУ 00260 Редакциям и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54 Черкесске областым и госдар: тасвир типографиэ